

## BAB V

### PANUTUP

#### 5.1 Kacindekan

Dina ieu bab dijéntrékeun kacindekan hasil panalungtikan, sabada dititénan tur dianalisis pamanggih-pamanggih nu kapanggih dina hasil panalungtikan.

1. Gelarna Seni *Gaok* di Désa Kulur, Kecamatan Majalengka, Kabupatén Majalengka dina abad ka 15. Saupama ditilik tina cara mintonkeunna, seni *Gaok* mangrupa seni tradisional anu geus ngalaman *sinkretisme* antara ajén-inajén budaya Sunda buhun jeung budaya Islam anu dibawa ti Cirebon ku Pangéran Muhammad. Pangéran Muhammad boga misi pikeun nyebarkeun ajaran Islam di Majalengka, salasahijina ngamangpaatkeun naskah wawacan anu ditembangkeun dina seni *Gaok*. Asal mula ayana istilah *Gaok* téh tina kecap ngagorowok, kulantaran pakasaban masarakat jaman harita téh nya éta melak huma. Waktu masarakat silih tempat ti huma hiji ka huma séjénna anu jarakna pajauh. Ti dinya, kapanggih sora-sora anu miboga wirahma luhur sarta kacipta kaéndahan waktu nyalukan hiji jalma ka jalma nu séjénna. Ku kituna diaranan *Gaok* dicokot tina kecap ngagorowok atawa ngagoak/nyalukan.
2. Dina unggal pintonana, ieu kasenian biasa digelarkeun teu maké panggung cara pagelaran nu lianna, tapi di buruan imah nu boga hajat. Cara magelarakeun kasenian *Gaok* biasana sok dimimitian ku macakeun du'a saperti hadorohan anu dipingpin ku dalang *Gaok*. Hadorohan téh mangrupa kagiatan ngirim du'a ka Gusti Alloh, ku cara maca solawat nabi sarta surat-surat pondok saperti *Al-Fatihah*, *Al-ikhlas*, jsté. anu miboga tujuan pikeun ménta ijin ka karuhun sarta dibéré kalancaran jeung kasalmetan dina magelarkeun éta kasenian. Sabada macakeun du'a,

dalang langsung macakeun kidung bubuka anu tuluy ditéma ku sora waditra pananda dalang rék ngamimitian nembangkeun éta wawacan maké pupuh. Aya sababaraha pupuh anu ditembangkeun dina *Wawacan Nyi Rambut Kasih*, nya éta pupuh dangdanggula, kinanti, magatru, mijil, sinom, asmarandana, jeung pangkur. Minangka pamuka carita, dua padalisan anu ditembangkeun ku Abah Rukmin maké pupuh dangdanggula, tuluy dibeuli ku anu sok disebut tukang *Gaok*/tukang meuli. Tukang *Gaok*/tukang meuli nembangkeun sabar-sabar anu keur dibacakeun ku dalang, ditembangkeun sacara gagantian jeung pamaén séjénna. Biasana unggal pamaén kabagian sabar-sabar nepi ka dua baris sanggeus tembang bérés ditembangkeun ku pamaén séjénna. Saterusna, dina ahir padalisan biasana sok ditempas ku alok sarta sakali-kali sok dikombinasikeun ku tembang sunda nu ditembangkeun ku sinden. Tuluy pamungkas, dalang macakeun rajah panutup.

3. Ajén-inajén budaya anu kapanggih dina kasenian *Gaok*, di antarana katitén tina unsur anu ngawengku tujuh unsur kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat. Tujuh unsur kabudayaan éta di antarana, (1) sistem kaagamaan jeung kapercayaan/religi di antarana: bubuka dina pagelaran seni *Gaok* saperti hadoroh jeung kidung bubuka, sasajen saperti tumpeng (congrot rosul), rurujakan, jeung congrot tujuh, sarta dina acara hajat saperti nyunatan, nikahan, mipit paré, ngayun, dan tujuh bulanan; (2) sistem organisasi jeung kamasarakatan di antarana: ayana gotong royong dina maénkeun waditra jeung ayana sesebutan husus nu aya dina naskah *Wawacan Nyi Rambutkasih* saperti Gusti, patih, ratu, éndang, kanjeng, sarta pangéran; (3) sistem élmu pangaweruh di antarana: pangaweruh ngeunaan tutuwuhan anu bisa digunakeun pikeun obat nya éta buah maja sarta ngeunaan waktu nalika rék dipagelarkeunna seni *Gaok* pikeun acara mipit paré; (4) sistem basa di antarana: basa anu dipaké dina pagelaran seni *Gaok* nya éta basa Sunda jeung basa Jawa nalika macakeun rajah

panutup; (5) kasenian di antarana: waditra anu digunakeun saperti goong, kendang jeung kulantér, tarompét, jeung kecrék sarta kualitas sora dalang anu has dinya nembangkeun pupuh; (6) sistem pakasaban jeung ekonomi di antarana: kagambar dina naskah *Wawacan Sulanjana* anu nyaritakeun asal muasal paré jeung ngagambarkeun kahirupan patani; jeung (7) téhnologi di antarana: ayana parobahan waditra jeung *speaker* sarta *mic* minangka panglengkep.

4. Pikeun mekarkeun kabudayaan hususna dina widang kasenian, pangajaran mangrupa salasihiji média anu éféktif digunakeun pikeun nepikeun sarta bisa ngaronjatkeun dina widang atikan. Ku kituna, kasenian *Gaok* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran, hususna dina pangajaran maca. Salian ti salasihiji cara pikeun mekarkeun budaya tradisional, ogé pikeun ngamekarkeun kamampuh siswa dina maham téorina. Sangkan kasenian *Gaok* teu tumpur di *era globalisasi* ieu, mangka perlu pisan ku urang saréréa pikeun ngajaga jeung ngariksa kana ieu kasenian tradisional. Lian ti éta, dipiharep ajén-inajén anu aya diunggal pintonan jeung kalengkepan dina kasenian *Gaok* bisa diwariskeun ka anak incu pikeun ngatur sarta dijadikeun pedoman dina kahirupanana. Ku kituna, materi maca bahasan kasenian *Gaok* bisa jadi pangwangun pikeun ngaréalisasikeun Pendidikan Berkarakter.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha saran nu ditepikeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

1. Artikel ngeunaan kasenian *Gaok* bisa dijadikeun *rekomendasi* pikeun guru-guru basa Sunda dina ngajar materi ngeunaan maca bahasan kasenian di SMA kelas XII.

2. Ajén-inajén anu aya dina kasenian *Gaok* bisa ngadeudeul dina ngaréalisikeun pendidikan karakter anu bisa ngawangun karakter siswa-siswa salaku panerus bangsa.
3. Ieu hasil panalungtikan dirékomédasikeun supaya jadi sumber pikeun ngawanohkeun wanda budaya Sunda ka masarakat hususna ka para panerus bangsa, sangkan masarakat ngajaga tur ngamumulé kasenian *Gaok*.



Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu)